



WALI KOTA BANDUNG

BIANTARA

WALI KOTA BANDUNG

DINA RARAGA

**RAPAT TEKNIS KAGIATAN NGARONJATKEUN
SUKSESNA PILKADA TAUN 2018**

DINTEN /PING : REBO, 14 MARET 2018

WAKTOS : TABUH 08.30 WIB

TEMPAT : HOTEL OASIS
JL. LOMBOK No.10
BANDUNG

BISMILLAAHIRRAHMAANIRRAHIIM

ASSALAAMU'ALAIKUM WR. WB

SAMPURASUN

ANU DIPIHURMAT :

- KOMISIONER KPU MIWAH PANWASLU
KOTA BANDUNG
 - KEPALA BADAN KESATUAN BANGSA DAN POLITIK
KOTA BANDUNG
 - PAMINGPIN PARTAI PULITIK MIWAH ORMAS
 - NARASUMBER MIWAH PAMILON KAGIATAN
 - PARA PAJABAT PUBLIK KOTA BANDUNG
- HADIRIN WAL HADIROT ANU KU SIM KURING
DIPIHURMAT;

LANGKUNG TIPAYUN URANG SANGGA-
KEUN PUJI SINARENG SYUKUR KA DZAT ILAHI
RABBI NU PARANTOS MAPARIN MANGPIRANG-
PIRANG NI'MAT, ANU JANTEN ALATAN URANG
TIASA PATEPUNG LAWUNG PAAMPROK JONGHOK
DINA ACARA RAPAT TEKNIS KAGIATAN
NGARONJATKEUN SUKSESNA PILKADA TAUN

2018, INSYA ALLOH URANG SADAYA SEHAT WAL'AFIAT.

MUGIA IEU PASAMOAN JANTEN PANAMBIH LUANG BOH PIKEUN DIRI URANG PRIBADI, ATANAPI KANGGO DIDUGIKEUN DEUI KA MASARAKAT DI SABUDEREUN, DINA RARAGA NGAWUJUDKEUN PEMILIHAN WALI KOTA MIWAH WAKIL WALI KOTA BANDUNG, KATUT PEMILIHAN GUBERNUR MIWAH WAKIL GUBERNUR JAWA BARAT PING 27 JUNI 2018 NU MIBANDA AJĚN, DINA HARTOS LUMANGSUNG AMAN, DAMAI TUR DEMOKRATIS, LUYU SARENG TEMA *“MENSUKSESKAN PILKADA SERENTAK UNTUK MENINGKATKAN PARTISIPASI PEMILIH TAHUN 2018”*.

SOK SANAOS KUMAHA BAĚ OGĚ, KARIAAN DEMOKRASI IEU KEDAH DIROJONG KU SAKUMNA APARATUR NAGARA SIPIL, KADER PARTAI PULITIK, ORMAS, PAGURON LUHUR, TUR PIHAK-PIHAK NU MANCĚN TUGAS NGALAKSANAKEUN

PEMILU NYAETA KPU MIWAH PANWASLU,
MALAHMANDAR JANTEN TATAKAPAN
MASARAKAT PIKEUN NGAHONTAL CITA-CITA
KAHIRUPAN ANU ADIL, MAJU, TUR RAHARJA.

HADIRIN ANU KU SIM KURING DIPIHURMAT,
SAKUMAHA NU KAUNINGA RÉHNA PILKADA
KALEBET KAGIATAN PEMILU, ANU KASEBAT
BAGÉAN TINA KAHIRUPAN DEMOKRASI NU
NGAJĒNAN HAK SAKUMNA INDIVIDU, UTAMINA
HAK PULITIK NYALONKEUN DIRI NGIRING
KONTESTASI, ATANAPI NANGTOSKEUN
PAMINGPIN NU BARIS NGOLAH TUR NGOKOLA
DAERAH.

MUNG HANJAKAL IEU KASEMPETAN TEU
SALAWASNA DIMANGPAATKEUN KU MASA-RAKAT
ALATAN INFORMASI NU KIRANG JANGKEP,
APATIS, KIRANG PAOS KANA MAKSAD TUR
TUJUAN PEMILU NU SAÉSTUNA.

TEU ANĒH UPAMI TINGKAT PARTISIPASI
PULITIK MASARAKAT KIWARI MASIH KIRANG.

BUKTOSNA BAÉ PAMILON NU NGAGUNAKEUN HAK PILIHNA DINA PILWALKOT BANDUNG TAUN 2008 SARENG PEMILU LĚGISLATIF TAUN 2009 KIRANG TI 75%.

PARTISIPASI IEU ANGOT NGIRANGAN DINA PILWALKOT BANDUNG TAUN 2013, MUNG DUGI KA 58% ATANAPI KIRANG TI SAJUTA SUARA TINA TOTAL DPT (DAFTAR PEMILIH TETAP) LANGKUNG TI 1,65 JUTA PAMILIH.

KU KITUNA SIM KURING NGARAOS REUGREUG KALAWAN BINGAH KU KAGIATAN DINTEN IEU, MUGI-MUGI SANES BAÉ NGIATKEUN KOMITMEN NGUDAG TARGET PARTISIPASI MASARAKAT SAKIRANG-KIRANGNA 65% SUARA DINA PILWALKOT BANDUNG 2018.

OGÉ ELMU PANGAWERUH, PANGALAMAN TUR INFORMASI NU DITĚMBRAKKEUN DI IEU ROHANG, SING JANTEN BEKEL PIKEUN NGAMEKARKEUN SISTIM KAHIRUPAN ANU MUNEL KU AJĚN-AJĚN TOLERANSI, DEMOKRASI TUR

KAADILAN, SANGKAN KUALITAS PILKADA 2018 LANGKUNG ONJOY BATAN PEMILU-PEMILU NU KALANGKUNG.

SIM KURING OGÉ MIHAREP RAPAT TEKNIS IEU NYOKONG KANA IHTIAR NGAWUJUDKEUN BANDUNG KOTA AGAMIS SARENG BANDUNG TOLERAN, ANU DIFONDASIAN KU KIATNA KOMUNIKASI ANTAWIS PAMARENTAH SARENG MASARAKAT DINA NYIPTAKEUN STABILITAS TUR KONDUSIFITAS KOTA, SANĚSKANTEN TIASA NGAROJONG TAHAPAN, PROGRAM TUR JADWAL NU DIJALANKEUN KU KPU DINA MAYUNAN PILKADA SERENTAK 2018.

KOMO DEUI IHTIAR NYIPTA TUR MIARA SITUASI KONDUSIF SANĚS UKUR TUGAS PAMARENTAH, NAMUNG MANGRUPI TANGGEL WALER SAKUMNA WARGA ANU SALAWASNA NGAJAGA SIKEP MAYUNKEUN KAPENTINGAN BALARĚA, HIRUP REUJEUNG KALAWAN AKUR TUR TENTREM.

HADIRIN ANU KU SIM KURING DIPIHURMAT,
NGARONJATKEUN TINGKAT PARTISIPASI
PAMILON KAĒTANG PADAMELAN ĘNTĚNG-
ĘNTĚNG BANGGA, KUMARGI PAKAIT SARENG
UNDAK KASADARAN NGEUNAAN PENTINGNA
MILIH ATANAPI DIPILIH JANTEN PAMINGPIN, ANU
SATEMENA BARIS NANGTOSKEUN KAHIRUPAN
BANGSA KA PAYUN. ĘTA MARGINA IHTIAR IEU
JANTEN TANGGEL WALER SADAYANA UNSUR,
NYAĘTA PAMARĚNTAH, KPU, PARTAI PULITIK,
PANWASLU, APARAT KAAMANAN, OGĚ
MASARAKAT KU ANJEUN.

CINDEKNA PEMILU NU *BERKUALITAS* TIASA
NGAWUJUD SAUPAMI PARA PIHAK ANU PAKAIT
SAPAMADEGAN DINA UMAJAK KA MASARAKAT,
DIWUWUH NIAT NEMPATKEUN KAPENTINGAN
UMUM BATAN KAPENTINGAN PRIBADI ATANAPI
GOLONGAN.

ANGOT RUPI-RUPI PASUALAN PEMILU BIASANA KU JALARAN KIRANGNA PANGARTOS MASARAKAT KANA SISTIM, GALUR, KATUT KAYAKINAN NAON, SAHA, TUR KUMAHA CARA MILIH ATANAPI DIPILIH.

KUMARGI KITU SIM KURING NGAWANTI-WANTI IEU KAGIATAN SING JANTEN OBOR SANGKAN MASARAKAT TEU NGATOG DINA NGAGUNAKEUN HAK PULITIKNA , UTAMINA DINA PEMILIHAN WALI KOTA MIWAH WAKIL WALI KOTA BANDUNG KATUT PEMILIHAN GUBERNUR MIWAH WAKIL GUBERNUR JAWA BARAT TAUN 2018, OGĚ PEMILU LEGISLATIF KATUT PEMILU PRESIDEN TAUN 2019.

SIM KURING YAKIN FORUM IEU BARIS NYOKONG KANA PANGWANGUNAN PULITIK KOTA BANDUNG, ANU ARAHNA NETEPKEUN KONSEP BANDUNG MINANGKA “RUMAH BERSAMA”, DI DIEU SAKUMNA WARGA NU BĒNTEN ETNIS, RAS, AGAMA TUR GOLONGAN DIPAPARIN TEMPAT

PIKEUN MEUNGKEUT DUDULURAN DINA
KAHIRUPAN NU DIWUWUH KU SUMANGET
GOTONG ROYONG; REMPUG JUKUNG
SAUYUNAN.

PAMUNGKAS SIM KURING NGAHATURKEUN
NUHUN KA NARASUMBER TI PERGURUAN TINGGI,
KPU MIWAH PANWASLU, PAMILON TI PARTAI
PULITIK, ORMAS, OPD/SKPD, MIWAH SADAYA
PIHAK ANU PARANTOS AUB DINA IEU ACARA,
MUGIA KAGIATANANA MANGPAAT TUR
MASLAHAT, MALAHMANDAR SASIEUREUN
SABEUNYEUREUN NGAROJONG PARUBIHAN
SISTIM DEMOKRASI NU KONDUSIF PIKEUN
KAMAJENGAN PANGWANGUNAN PULITIK,
UTAMINA PARTISIPASI MASARAKAT TIASA
LANGKUNG UNDAK DINA NYUKSESKEUN PILKADA
SERENTAK 2018, KALIH KAGIATAN-KAGIATAN
PEMILU 2019 DI KOTA BANDUNG.

HADIRIN ANU KU SIM KURING DIPIHURMAT,
RUPINA MUNG SAKITU NAON-NAON NU
TIASA KASANGGAKEUN, HATUR NUHUN KANA
PERHATOSANANA. MUGIA ALLAH SWT MAPARIN
RAHMAT SARENG KALANCARAN KANGGO URANG
SADAYA.

*BILLAAHITTAUFIQ WALHIDAYAH,
WASSALAAMU'ALAIKUM, WR, WB.*

PJS. WALI KOTA BANDUNG

Dr. H. MUHAMMAD SOLIHIN, M.Si